ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№21 (22.429) ● 2013 гъэм мазаем (февралым) и 6, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къуажэм трагъэкІуадэ ахъшэм хэхъуэнущ

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ екІуэкІащ. Аграрнэ политикэмрэ щІы Іэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщым и къудамэ Говоров Сергей депутатэм я пащхьэ кьрилъэшащ «2013 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэхэм ягъуэтыну социальнэ зыужьныныгъэр» республикэ программэ хэхам зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» КъБР-м и законым и проектыр.

ДОКУМЕНТЫР ягъэхьэзыращ къуажэм дэс унагъэхэм, унэгъащІэхэм, Іащ1агъэлІ щІалэхэм я псэуп1эр егъэфІэкІуэным, социальнэ инфраструктурэ тэмэм зэтегъэуэвэным хэгъэзэа Іэхуэхэр нэхъ нэсу дагъэкІын мурадкІэ. Абы ипкъ иткІэ, законопроектым къыщагъэлъэгъуащ 2003 - 2013 гъэхэм мы программэм псори зэхэту трагъэкІуэдну ахъшэр сом меларди 8-м нэсу зэрыхагъахьэр.

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узынШагъэр хъумэнымкіэ и комитетым и унафэщІ **Жанатаев Солим** тепсэлъыхьащ «Унагъэр, анэр, адэр, сабийр хъумэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 17-2-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Къэпсалъэм зэрыжІамкІэ, а статьям кьеГъэуэ сабийр анэм и закъуэу щІпІым деж абы зэрыдэІэпыкъу ахъшэм хагъэхъуэн хуейуэ. Ауэ ахъшэм хагъахъуэркъым сабийр адэм и закъуэ щІпІым деж. Абы кьыхэжІыу законопроектым иратхащ апхуэдэ щытыкІэр зэхъуэкІын хуейуэ.

ЗэІущІэм нэгъуэщІ Іуэхуэхэми щыхэпльащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Хъыбарыщ1эхэм телевиденэм и каналитІкІэ феплъ

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» къэрал щэнхабэ Іуэхущ1апІэм къызэІуихащ «Хъыбарыщ1эхэр» проектыщ1эр. Махуэ къэс сыхьэт 21.40-м щыщ1эдзауэ КъБР-м исхэр еплъыфынущ республикэм и социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ гъащ1эм къызыхуэхъэм этеуэхуэ хъыбарыщ1э программэм. Абы хигъыбдэу къатынущ репортажхэр, экспертхэм, аналитикхэм, социологхэм, политологхэм, республикэм и министерствохэмрэ ведомствохэмрэ я унафэщ1хэм я къэпсэлъэныгъэхэр.

ПРОЕКТЫР лажьэу яутІыпщащ республикэм и телеканалыр иджырей зэманым къигъэувхэм езэгъыу егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ А. Б. къигъэува къаІэным ипкъ иткІэ. А лэжьыгъэр зыхуэунэтІар къэрал телевиденэр сыхьэт 24-кІэ лажьэу щІыныри икІи бжыгъэхэр и лъабжьэу эфирым щылажьэ зпэ мультикомплексым республикэм и телевиденэр хегъэубыдэныр щ1.

«Республикэм исхэм ящ1эн хуейщ жэщми махуэми лажьэ икІи щІыхь гуп псоми ятещІыхьа программэхэр къаІэт канал. Абы и лэжьыгъэр нэгъэсауэ, зэфІэкІ хэлъу къызэригъэпэщ1ыпхъэщ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

2013 гъэм мазаем и 1-м къыщІидзауэ FM диапазоным щолажьэ «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК» радиори. Абы лъандэрэ республикэм исхэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и программэмэ бзиуІкІэ - урысыбзэкІэ, адыгэбзэкІэ, балъкъэрыбзэкІэ - йодаІуэ. Радиор жэщми махуэми лажьэу зэтрагъэувэну я мурадщ. ЗэкІэ программэхэр къат сыхьэти 7-м щыщІэдзауэ сыхьэт 19-м нэсыху.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.



КъБР-м и Іэтащхьэр хэхауэ кІэлъоплъ

УФ-м и Президентым и унафэхэр гъэзэщІа зэрыхьум

Къанокъуэ Арсен пщэрыльэ зэрышІыгъ тету, республикэм и Правительствэр иджыпсту хэхауэ йолэжь экономикэм, социально Іэнатіэм зегъэужьныным хуэунэтІауэ УФ-м и Президент Путин Владимир нэгъабэ накьыгъэ маэзм кьыдигъэкІауэ щыта указхэр дэ щІыналъэм щІыпІэ зэрыщІэныным. Абы теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан блэкІа тхьэмахуэ зэхуакуэм зэІущІэ зыбжанэ иригъэкІуэнащ езым и къудэхэхэр, республикэм и кьалхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр кьрихьэлІэу.

ЗЭІУЩІЭХЭМ ящ1ыщ зым «Зэман кІыхьым тещІыхьауэ къэралым иригъэкІуэкІ экономикэ политикэм и Іуэхуіэ» Урысей Федерацэм и Президентым и Указыр гъэзэщІа зэрыхьум теухуауэ кьыщІэсэльащ КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Мусуков Алий**. Абы зэрыжІамкІэ, мы Указыр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ ди республикэм 2020 гъэм ирихьэлІэу лэжьапІэ Іэнатіэщ1эу мин 30-м нэблагъэ кьыщ1ыз1эрагъэпэщ1ыну, 2011 гъэм елыТаУэ щІыналъэ валовэ продуктыр 2018 гъэм хуэдитІым щІигъукІэ хагъэхьуэну, инвестицэу кьызэщІагъэуІуэр хуэдэ 1,7-кІэ, лэжьыгъэм кьыпэкІуэ хьерыр хуэдитІкІэ нэхьыбэ ящ1ыну я мурадщ.

А псоми кьадэкІуэу хэхауэ елэжьынущ хьэрычэт лэжьыгъэ егъэзэкІуэныжьмкІэ щІы1эІэмалхэр егъэфІэкІуэным. «Хьэрычэт Іуэху мыинмрэ курытымрэ егъэкІуэкІыным-кІэ ди республикэм щІы1 щІытыкІэр округым и мызакъуэу къэрал псом щ1ынэхьыфІхэм ящ1ыщ1», - кьыхигъэщхьэхкІащ Мусуков Алий икІи жиІащ а Іуэхуэр КъБР-м и Іэтащхьэм зэпымыуэу и нэІэ зэрыщІэтыр.

«Кьанокъуэ Арсен кьэралымрэ щ1ыхьэхэмрэ я мылькыр зэгъэуІуауэ зэдэлэжьэным, хьэрычэт Іуэхум зыщІэтэжьуэным хуэгъэзэа закон лъабжьэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ кьыхахьхьэ жэрдэмхэр деІыгъ. Нобэм ирихьэлІэу республикэм хабзэ мардэ зыбжанэ кьыщащ1ащ инвестицэ лэжьыгъэм зэрызыщІагъакьуэ щ1ыкІэм теухуауэ. Апхуэдэу инвестицэхэр кьызэщІэгъэуІуэным телажьэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэ щ1ы1эщ. Ди деж Инвестицэхэмкіэ декларацэр щ1ызэхальхьащ икІи абы КъБР-м и Іэтащхьэм Іэ щІидза нэужь хэІущІыу ящ1ынущ. А псори йозэгъ щІыналъэ инвестицэ жьпхъэм кьигъэувхэм», - кьиІгъэльэгъуащ министрым.

УФ-м и Президентым и Указым ипкъ иткІэ апхуэдэу кьызэрагъэпэщ Хьэрычэтщ1эхэм я хуитныныгъэхэм кьащхьэщ1ыжьныныжьмкІэ уполномоченнэм и кьулыкьыр. Абы теухуа законым и проектыр республикэм и Правительствэм дгІыгащ икІи ар мыгувэу Парламентым кьыщ1ыхальхьэнущ.

«Къэрал социальнэ политикэр пхыгъэжьІынымкІэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ» УФ-м и Президент Путин Владимир кьыдигъэкІа Указыр гъэзэщІа зэрыхьум тепсэлъыхьащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**. Министрым и гуапэу кьыхигъэщащ егъэджэныгъэм и лэжьакІуэхэм ику иту кьаІэрыхьэ улахуэр республикэм ику иту щат лэжьапІэм хуэдиз щІы-пм теухуауэ Указым кьигъэув кьаІэныр зэрагъэзэщІар - гъэкІуэм и иужьрей маэзм школхэм я егъэджакІуэхэм я улахуэм хущІагъэуащ. Жэпуэгъуэм щегъэжьауэ процент 6-кІэ нэхьыбэ хьуащ бюджет Іэнатіэм пэрытхэм я улахуэрэ.

Ауэ УФ-м и Президентым и Указым кьигъэувхэр абдеж кьыщ1ыхьыжьэркъым. Псальэм папщІэ, бюджет Іэнатіэм пэрыт лэжьакІуэ гуп щхьэхуэхэм я лэжьапІэр 2018 гъэм ирихьэлІэу республикэм ику иту щат улахуэм, дохутырхэм - ику иту щІыналъэм щат улахуэм хуэдитІым нагъэсынущ. Абы ипкъ иткІэ, КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен кьыхихьхьэщ 2018 гъэр кьыщысынум пэмыплъэу улахуэхэм гуп кьэс хагъахьуэурэ ирагъэжьэнущ.

Хэхауэ тепсэлъыхьащ щІыхь гуп щхьэхуэхэм, псом япэу сабий куэд зиІэ унагъуэхэм, псэупІэ яухуэн папщІэ пщІэнщ1эу щІы1ыхьэхэр яхуэхэ-хьым. Апхуэдэ кьаІэн кьегъэ-ущ1ащ уэрамым. КьаІэ щІы-кІым дэсхэм кьызэрагъэпэгъэмкІэ, судыщІэхэр зыхуеІуа Іэмалыр зэрыхуагъэщ. АхъшэкІэ уетхьэкьуэ, ар дэтхэнэми хуэтынущ, ауэ уэзрыкьуэншамкІэ псоми я пащхьэм зыщ1ыбумысыжьым нужькІэ апхуэдэ кьуанщагъэ умылэжьым ухуэнгъэІущу кьыщІэкІынщ.

Дунейм и щ1ыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщ1ытынущ, уэшх кьыщ1ешхьынущ. Хуабэр мазэм ящ1ыгъуэ 3 - 4, жэщым 1 - 4 щ1ыхьэнущ.

Зыгъэхъэзырар ЖЪЭКІЭМЫХЬУ Мэриэтэм.

Лъэпкъ Іуащ1эгъэ:

Мэзым пхъэ яшэркъым.

КъБР-м и Іэтащхьэ

●ЗэІущІэхэр

ув «УФ-м и цІыхуэр иджырей псэупІэ езэгъыбарабгъуКІэ кьыхэгъэпэщыным, псэупІэ-комунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр кьаІэтыным хуэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхуіэ» УФ-м и Президентым и Указым.

Мы Іуэхум республикэм и щІыпІэ псомиа идкьыпсту щ1ояжь. КьаІэхэмрэ районхэмрэ я администрацэхэм щІы Іыхьэхэр зратын хуейхэм я спискэхэр щагъэхьэзыращ, а мурадым хухах хьуну щІыхэм я щІытыкІэр щІапщытыкІ, мэкъумэш щІапІэу кьагъэсэбэп щІыхэр жылагъуэхэм яІыгъ щІыхэм хагъэхьэн папщІэ зыхуэфащэ документхэр яГъэхьэзыр. А псоми кьадэкІуэу Кьэрал реестрымкІэ органхэм кьапщІытэ спискэхэм хэхуахэм псэупІэкІэ, щІыкІэ я Іуэху зыІутыр. Нэхьащхьэ дыдэр арщн, щІыхуэм щІы Іыхьэхэр етыным теухуауэ Указым кьигъэувыр республикэм гъэзэщІа щІыхьэнущ. Гъэщ, ар зы махуэм пхуэзфІэгъэкІынукьым, сыту жыпІэмэ Кьэбэрдей-Балъкъэрым щІыр кьомэщІэкІ, ар уней мылькуу кьеІызыхьну хущІэкъуэхр куэд мэхъу. Нобэм ирихьэлІэу спискэхэм унагъуэ 2212-рэ иратхащ, ауэ а лэжьыгъэм дяпэкІи пащэнущ.

Администрацэхэм я Іэтащхьэхэр тегуэзэвыхьащ щІы Іыхьэхэр зы лІэужьыгъуэм кьыхагъэкІыу нэгъуэщІ лІэужьыгъуэм гъэкІуэным, уахуэ-нигъэкэр зэрырагъэкІуэкІыну хабзэхэр кьащтэным, проектсметэ документацэр гъэхьэзырным зэман куэд зэрихьым.

ЗэІущІэм щІызэгурыІуэ Урысейм и Президентым и Указхэр гъэзэщІа зэрыхьум дяпэкІи зэхуэсурэ тепсэлъыхьну.

ЗэІущІэм щІыхэплащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм хэгъэхьэнми (УФ-м и Президентым и Указ №597-м ипкъ иткІэ), щІыналъэхэм властымкІэ я органхэмрэ кьэралкІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэмрэ зэрызэдэлажьэр егъэфІэкІуэным, республикэм и жылагъуэхэм хабзэншагъэхэр кьыщІымыгъэхьэным, экстремизмэм пэщІэтыным, нэгъуэщІхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

●Бахъсэн щІынатІэ

Зэлэжьын ягъуэт

Ди республикэм и адрей жылагъуэхэм хуэдэу, Къулыкъуэжьи Іпщэм щ1ыпсэухэм я нэхьыбэм фейдэ хэхьпІэу яІэр щІымрэ Іэщ гъэхьуныр.

ЦІЫХУ мини 3-м щІигъу щ1ыпсэу жылагъуэм бджэндырлажьэу 18 дэсщ, абыхэм къэралым щ1ыхуэу сом мелуаи 7,5-рэ къариатащ, агропромышленнэ Іэнатіэхэм зегъэужьын урысейпсо программэм ипкъ иткІэ. Абы и фІыгъкІэ уней, мэкъумэш-фермер хозяйствэхэм Іэщу яГъэхьун и бжыгъэм нэрылъагъуу хэхьуащ.

Аращ кьыз1эхэІар мы илъэсым лыхэКІыу тонн 800-м щІигъу, шэуэ тонн мини 2,5-м нэс яГъэхьэзырынырэ. Джэдкъаз гъэхьуным зезытахэми Іэщ1ыхуэхэм зыкьыкІэрагъэхуркъым: мы илъэсым абыхэм джэдыкІэу мин 240-рэ кьраХащ.

Кьулыкъужьи Іпщэм щ1ыпсэухэм Іэщ гъэхьуным щІытрагъащІэм и щхьэусыгъуэ нэхьыщхьэу кьэбгъэлъагъуэ хьунущ абы пэгъунэгъу хьІпІэхэр зэрыкъулейр. Ар зэхуэдэу псоми кьыз1эрагъэсэбэпым Іэмал кьарет жылагъуэм и зыужьныныгъэр хьІпкъуэ куэдкІэ зэлъата Іэщ гъэхьуным зыхуэей хуэзэу адэкІи зрагъэжьынущ.

ШЭРЭДЖ Дис.

●Шэрэдж щІынатІэ

Ныбжьыщ1эхэр Іэщ1агъэхэм хурагъаджэ

Бабугент къуажэм дэтщ1 промышленность псынщІэм и лэжьакІуэ хьунуэхэр щрагъаджэу Налшык щыІэ колледжым и къудамэ.

ЦЫХЬЭРЫМ пэжьжьэ мы жылагъуэм щ1ыпсэу щІалэгъуалэм дежкІэ мыхьэнэ зи зиІэ мы еджапІэм нобэ кьэкІуалІэ хъыджэбз щ1ыкІу 32-рэ. Ахэр гупитІу гуэшауэ дэрбэрыным, щ1ым зэрелажь Іэмалхэм хурагъаджэ. Нэхъыбэу колледжым и кьудамэм кьекІуалІэхэр Бабугент, Кьэщ1ыкэтау жылагъуэхэм дэт курыт еджапІэхэм я класс нэхьыжьхэм щеджэхэрщ. Псом хуэмыдэу къэлъытапхъэщ, зи школ къэухьгъуэ пщащэхэм зэрыпсэун Іэщ1агъэр пщІэнщэу зэрагъуэтым и мызакъуэу, колледжыр кьызэрауахмкІэ къэралым и дэфтэр кьызэрыратри. АбыкІэ ахэр еджапІэ нэхьыщхьэхэм тыншу щІэтІысхьэфынущ.

ЕгъэджакІуэхэм кьызэрыхагъэщамкІэ, мы еджапІэр кьэзыухэр лэжьапІэнши сомынши хъуркъым: язныныкъуэхэр кьалэхэм щІыхуэхэм Іуэхутхьэбзэ щ1ыхуащІэу Іэт унэхэм щолажьэ, зи уней Іэнатіэ кьыз1эІуэныжьхэри мащІэкъым.

Мы гъэм колледжым и къудамэм иджыри зы гуп щІэуэ къищтащ. Ахэр парикмахер Іэщ1агъэм хуагъаса. Ныбжьыщ1эхэр тхьэмахуэм хуэзэу махуи 5-кІэ ирагъаджэ. ЕджакІуэхэм щэч кьытрахьэрхьым я къуажэми езжьапІэ зэрыщагъуэтынум.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

●Узыншагъэ

Зы дакъикъэм и лъапІагъыр

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкІэ и министерствэм кьызэ-ригъэпэщ1ри, лъынтхуэ узыфэхэр зыпкъ-рыт сымаджэхэм ягъуэт дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэным теухуа щІэныгъэ-практикэ конференцэ иджыблагъэ «Налшык» санаторэм щекІуэкІащ.

МИНИСТР **Шэт Ирмэ** зэІущІэр кьыщ1ыз1эуным кьыхигъащ щІы1ыхьэ Іуэхутхьэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, апхуэдэ узыфэхэр и чэзум кьэхутэным, тэмэму еІэзэным щ1ыху гъащІэр кьэдкІэ зэрелытар. АдэкІэ абы псалъэ ригащ Пироговым и щІэр зезыхьэ Урысей къэрал медицинэ университетым фундаментальнэ, клиникэ неврологиемрэ нейрохирургиемкІэ и кафедрэм и доцент, «лъынтхуэ программэр» зэхэтхьэным и лъабжьэр зыгъэтІылъа **Шамалов Николай.**

Щ1эныгъэлІым и псалъэмакъыр кьызэрыщІидзам гур зыкІи хигъахъуэртэкьым: зи щхьэ куцІ лъынтхуэхэм я лэжьыгъэкІэм сэкъат игъуэта сымаджэхэм я нэхьыбэр япэ илъэсым малІэ, абыхэм ящ1ыщ я Іэнатіэм пэрыуэвэжьыфыр процентэ 10-рэ. Инсультыр - ар икІэщ1ыпІэкІэ зэІэзэн хуей узыфэщ. Сымаджэр зэрыхуа щ1ыткІэ хьэпъэм кьриш1ынымкІэ дохутырым зэман мащІэ дыдэщ ИІэр, а пІалъэм кьриубыдэу абы дэІэпыкъуэгъу нэс игъуэтмэ, узыр щхьэщ1ыпхьфынущ. Абы и лъэныкъуэкІэ мыхьэнэшхуэ егъэзащІэ «Дэ1эпыкъуэгъу псынщІэмэ». Дэтхэнэ зы лъэбакъуэри, дохутырым укьеджэу ебгъэкІуэкІ телефон псалъэмакъым деж щ1ыщІэдзауэ, зэпэтыльтауэ щ1ытыпхъэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, апхуэдэ щ1ытыкІэм деж зы дакъикъэри лъапІэщ. Ишемием и дакъикъэ кьэс щхьэ куцІым нейрон мелуанитІым нэс ф1окІуэд.

«Дэ1эпыкъуэгъу псынщІэм» упсэлъа нужь, Іэмал имыІэу кьэбгъэльэгъуэн хуейщ узым кьыщ1ыщидза сыхьэт бжыгъэр, сымаджэм и псэпъэкІэр зыхуэдэр, и Іэхэм, и лъакъуэкъэм, и напэм я щ1ытыкІэр. Абы теухуа хьІубарыр ебгъащІэмэ, сымаджэм инсульт зэрыпэр узэпсэльам кьыгурыІуэнущ икІи нэхъыфІу дэІэпыкъуэгъу хьун гуп зэщІигъэуІуэнущ. «Дэ1эпыкъуэгъу псынщІэм» и дохутырэхэм я кьаІэныр узыфэр зыхуэдэр тэмэму щ1ызыгъэтын, лъыр зымыгъапщІэ, абы хэпъ холестериным зэкъуэшІэжьу, апхуэдэуи кьудамэ хэхэм щ1ыкІуурэ щрагъэх, зы жэщ-махуэм процент 15 нэхъ мащІэ хамыгъэщІу.

ХУЖЬ Наталье.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дунейм щ1ыхъыбархэр

Хьэргъэшыргъэ къэзыІэтхэм япэщІэту

«Аэрофлот - урысей авиалинэхэр» ОАО-м зэригъэнащІэу «дзыхь зыхуимыщІхэр» зратхэ дэфтэр. Абы ихуащ щ1ыкІ минрэ 800-р.

Абыхэм «ягу щІебгъар» фадэ ефу кьхъхьлатэхэм хьэлэбэлыкъ къыщІэту мызэ-мытІэу зэрапэщІэхуарщ. Апхуэдэу щ1ытми, абыхэм Іуэхутхьэбзэ хуамыщІэну, я кхъухьлатэхэмкІэ кьрамыщэІыну хуиткъым, сыту жыпІэмэ, абы теухуа хабзэ щ1ыІэкьыми.

«Кхъухьлатэм фадэ щ1ымыщІэмкІэ, абы и кІуэцІым щефэу умыдэныкІэ Іуэхуэр зэфІэкІыркъым. «Аэрофлотым» илъэсиш хьуауэ трегъэчыныхь дзыхь зыхуамыщІхэр гъэнэІуауэ, апхуэдэхэм кхъухьлатэхэмкІэ зекІуэныр паубыдыным теухуа хабзэ кьащтэным. Ефэрэ хьэргъэшыргъэ къэзыІэтхэр кхъухьлатэхэм идмыгъэтІысхьэу щ1ытамэ, ар куэдым «хущхьуэ» яхуэхъуну», - жиІащ «Аэрофлот» компаниеи и унафэщІ нэхьыщхьэ Савельев Виталий.

Уэгум ит кхъухьлатэм исхэм я гъащІэм, я узынШагъэм щынагъэ кьеэыгсыт хуэдэ мыхъумыщІагъэми пэуВащ зэрыхуейр и лъабжьэу, абы и унафэр икІэщІыпІэкІэ щІыпхъэу кьалытэ Савельевым и Іуэху еплъыкІэр дэзыІыгъ куэдым.

УэзрыкъуэншамкІэ зыбумысыжмэ

Огайо штатым щыи Хардин Шеиэ гъэгуэм зэрыщ1эекІуэ хабзэр кьызэрызэ-пнудам щхьэкІэ тралъхьа къуэдыр куэдым гъэщІэгъуэн кьащ1ыхьуащ.

ШколакІуэхэр зыкьыш1экІ автобусыр кьуэвыІауэ щ1ытти, ар ежьэжьным пэмыплъэу, Шеиэ и машинэмкІэ абы щхьэдэхащ... лъэс лъагъуэм телъадэри. Полицэм абы занщІэу гу лъитащ икІи Іуэхуэр хеящІэхэм хуагъэхьащ.

СудыщІэхэр зэрэнджэщ1ыжри, мурад ящІаиІ абы илэжьа хабзэншагъэм щхьэкІэахьшэкІэ етхьэкьуу Іуэхуэр зэфІамыгъэкІыну. Кьагупсысаращ: «Зи щхьэ зэтемысырщ, лъэс лъагъуэм машинэкІэ телъадэу, школакІуэхэр зэрыс автобусым кьыпэзыжьхьыфынуР жиІэу зытетха плакат Шеиэ и пщэм идзауэ махуитКІэ зэрамым дэтым хуейуэ тралъхьащ. Езыми дяпэкІэ апхуэдэ кьуанщагъэ имыщІэн, ар зылъагъэхэри абы иригъэупсысын щхьэкІэщ хеящІэхэр а Іэмалым щІыхуекІуар.

Езы щІыхубзым абы теухуауэ зыри жиІакъым, кьытралъхьар игъээщІа мыхъумэ. Ар кьамыщІыхужьи щхьэкІэ, пІэ щхъэрыгъыу, нэгъуджэ фІыщІэ Іулъу дэщащ зэрамым. КьаІэ щІы-кІым дэсхэм кьызэралъхьэгъэмкІэ, судыщІэхэр зыхуеІуа Іэмалыр зэрыхуагъэщ. АхъшэкІэ уетхьэкьуэ, ар дэтхэнэми хуэтынущ, ауэ уэзрыкьуэншамкІэ псоми я пащхьэм зыщ1ыбумысыжьым нужькІэ апхуэдэ кьуанщагъэ умылэжьым ухуэнгъэІущу кьыщІэкІынщ.

НОБЭ

t 2004 гъэм Москва и метром щалажьа щІэпхъаджагъэм хэкІуэдахэм я фэепль махуэщ. Абы щыгъуэ щ1ыху 39-рэ хэкІуэдат, 134-р уІэгъэ хъуат.

t 1918 гъэм Урысейр григориан махуэгъэпсыкІэм зэрыхуэкІуэмкІэ декрет кьыдэкІащ.

t 1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

t Илъэс 70-кІэ узэІэбэжьыжмэ, Курган дыдэ щІыпІэм и Іэмалым щІыхуекІуар.

t КъБР-м и щ1ыхуэб артисткІэ **Тэмазэ Мараэзэт** кьызэралъхуэр илъэс 90 ирокІу.

Дунейм и щ1ыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щ1ыщ1ытынущ, уэшх кьыщ1ешхьынущ. Хуабэр мазэм ящ1ыгъуэ 3 - 4, жэщым 1 - 4 щ1ыхьэнущ.

Лъэпкъ Іуащ1эгъэ:

Мэзым пхъэ яшэркъым.

Республикэм щ1ыпсэухэм ящІэн папщІэ

ІУЛЪХЬЭ зэрыз1эпэхым, коррупцэм пщІа Іуэхуэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фІыщІыгъэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунуц Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж щІы1э

8(8662) 47-17-79,
47-32-56
телефонхэмкІэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм лэжьыгъэмкIэ я хуитныгъэхэр къыззыщызэрагъэпэщым теухуауэ» иригъэкIуэкIа зэIущIэм ярикIуахэм япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и деж щыIэ Жылагъуэ советым къищта

УНАФЭ

2012 гъэм дыгъэгъаэм и 18-м Налшык къалэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм лэжьыгъэмкIэ я хуитныгъэхэр къыззыщызэрагъэпэщым теухуауэ» докладым зэредгIуам икIи зэрытепсэлъыхьам, зэIущIэм хэтахэм кьапсэлъахэм япкъ иткIэ, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и деж щыIэ Жылагъуэ советым (ЖДК) - Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм, щыIэпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, профсоюз организацхэм я зэгухэныгъэм, лэжьапIэ зытхэм я зэгухэныгъэм, къэпщытакIуэ-кIэлъплъакIуэ органхэм зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI Iуэхухэм я фыщIэкIэ лэжьыгъэмкIэ законодательствэр къэзыгъэзэжыр, Iэнатlэхэм кьыщыхьу фэбжьхэр зыбжанэкIэ ягъэмэщIэн, лэжьапIэ Iэнатlэхэм я щытыкIэр ирагъэфIэкIуэн яхуэзофIэкIащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, лэжьакIуэхэм я хуитныгъэхэр дагъэхъуну щыхуежьэ къыззырихьым жылагъуэм щыIэ социальнэ щытыкIэр тхьил кьещI. ЛэжьапIэ зытхэм ящыщ язынныкъуэхэм Iуэхур тэмэму зэтрагъэхьэ зарахъэфIамкIыным кьыхэжьку, къаIэрымыкIуэ кьанэ фейдэр пщIэкIэ кьащта цIыхухэр лейуэ гъэлажьэным и хьэкъкIэ ирагъэкъужыну хущIокIу.

2012 гъэм и мазэ 11-м кучырыбдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм прокуратурэмкIэ и органхэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэм къэмыззгъ Iуэхуу 7777-рэ кьыщIатэщащ икIи ахэр гъэзэкIуэжьыным, хабзэм кьемызэгъ актхэр егъэкъэутэжыным хэгъэзэ тхыгъэ 1011-рэ зыхуэфащэхэм ягъэтхьащ. ЦIыхухэм лэжьыгъэм ехьэлIауэ яIэ хуитныгъэхэм кьащхьэщыжьыным теуауэ лъэIу тхылъу 3355-рэ судым ираташ, мыхъумыщIагъэхэр зэрыщIэным теуха тхыгъэхэм якпъ иткIэ, кьуанщагъэ зыбгъэдэль кьулыкъущIэхэм щыщу 388-рэ дисциплинарнэ къэуцIыным ирагъащ. Унафэщу 239-м ялэжьхэр кьыззэремызэгъым теуха тхылъхэр хуагъэхьащ, кьулыкъущIэу 182-м административнэ тезыхьэр трагъэхьащ. Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 37-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-м ипкъ иткIэ, къэпщытэныгъэ 8-м ярикIуахэм ятещIыхьауэ уголовнэ Iуэхуу 5 кьыззIуахащ.

Хэхаущ темыгуэзвыхьпIэр иIэкъым лэжьапIэ тыным и лъэныкъуэкIэ законыр зэрамыгъэзащIэм.

КъБР-м и прокуратурэм кьыззыщIэщащмкIэ, 2012 гъэм зэрагъаззм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу республикэм лэжьапIэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 49-рэ мин 580-рэ щIэзэтрихьащ. Ар зытеуха предприятэ 22-м ящыщу 16-р банкротщ, 4-м финанс-хозяйствэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыркъым, лажьэр 2-рщ. ЦIыхуэ кьызытехуа предприятэхэм я кьыззэгъэщыкIэмрэ мыльку зыIэщIапхэмрэ я лъэныкъуэкIэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм хеубыдэ. Предприятэу 5-р къэралым ейщ е къэралым и Iыхьэ хэлъщ, 6-р муниципальнэ IэужыщапIащ, ящей 11-р фейдэ хэлъыным и кIыхьэхэрщ. Лэжьапщ Iэ нэсу зрамыта цIыхухэм я бжыгъэр мини 2-м щIегъу. ЦIыхухэм и процент 90-м щIигъу зытелъыр Налшык къалэм, Iуащхьмахуэ, Шэджэм муниципальнэ районхэм щыщ предприятэхэрщ.

Зэбгъэпщэн папщIэ мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьэпхъ хъунущ: 2010 гъэм дыгъэгъаэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапщIэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 5-рэ мин 435-рэ, 2011 гъэм и апхуэдэ дыдэ зэманым - сом мелуан 15-рэ мин 839-рэ щIыIаэу аращ.

Псом хэмыдзэу уегъэпIейтей республикэм и къэрал органхэм, кьапщтэмэ, КъБР-м Къэрал мылькымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм, кьыззэрагъэпэща предприятэхэм я лэжьакIэм («Iуащхьмахуэ Iьапэ и кIапсэрыкIуэ гъэгуэхэр» ОАО-м, «Эльбрустурист» ОАО-м, «Тырныауз къурш комбинат» къэрал предприятэ зэгуэтым, «Аушыджэр» ООО-м, «Борен Текстиль» ООО-м, «Къэбэрдей IуэхуантIохэр» КъБР-м и къэрал мэкъумэщ предприятэ зэгуэтым псори зэхэту лэжьапщIэмкIэ сом мелуан 37-рэ мин 500-м щIигъу щыIэуэ ятелъщ).

Лэжьапщ зытхэм лэжьапщ тыным кIэ законодательствэм къыззыуахэр ягъэзэщIэнырэ къыззэригъэпэщырэ мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и Хэрал инспекцэм зи къыззэгъэпэщыкIэ зэхуэмыдэ предприятэхэу Iуэхущ IапIэу 487-м (абыхэм ящыщу 208-р бюджет Iуэхущ IапIэщ) къэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIащ.

Къэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIым лэжьапщ тыным кIэ законодательствэм къемызэгъ Iуэхуу 1550-рэ (абыхэм ящыщу 476-р бюджет организацэхэм) къыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу 100-р лэжьапщIэр, лэжьапIэм IукIыжкэм, зыгъэпсэуакIуэ кIуэхэм ялыс ахъшэр тыныр хабзэм къемызэгъыу зэраубыдарщ (а ныкъусаныгъэхэм ящыщу 60-р здэщыIар бюджет Iуэхущ IапIэхэрщ).

Апхуэдэу мыкъумыщIагъэхэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ лэжьапIэ зытхэм тхылъ 412-рэ (бюджет Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIхэм - 171-рэ) хуагъэхьащ. Абыхэм ящыщ иткIэ лэжьакIуэ 4319-м (бюджет организацхэм я лэжьакIуэ 1406-рэ хэту) яубыда лэжьапщIэу псори зэхэту сом мелуан 40-рэ мини 180-рэ (бюджет Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэм сом мелуани 10-рэ мин 840-рэ) ираташжащ. Лэжьапщ тыным кIэ законодательствэм къыззыгъэпэщыдам папщIэ административнэ жэуапым ирашапIэри етхьэкъуащ Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIу, кьулыкъущIэу 264-м, уней хьэрыкIуэ зэхьэзыгъэ 9-м, апхуэдэу юридическэ Iэнатlэу 36-м. Унафэщ I3-м ятеухуа материалхэр следствием и органхэм хуагъэхьащ уголовнэ Iуэху кьыззIуахынм и лъэныкъуэкIэ хэпльэн папщIэ. Абыхэм ящыщу 4-м япкъ иткIэ уголовнэ Iуэхуэ кьыззIуахащ. ЛэжьакIуэхэм лэжьапщIэ зэрырамытамкIэ ягъэкъуанщэ унафэщу 4-р судым ираташ ахэр яхуэфащэ жэуапым ирашапIэн папщIэ.

ШынагъэншагъэмкIэ мардэхэм кьыриубыдэу щытыкIэм иту лэжьапщIэ цIыхухэм яIэ конституцэ хуитныгъэхэм зэрагъэгъуэтыжу зэхилъэну.

2. ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм, Федеральнэ налог кьулыкъущIапIэм и Управлензэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм - лэжьыгъэхьэлIа хабзэ зэхущытыкIэхэм я лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я хуитныгъэхэм кьахьащ. Я лэжьапIэхэм пIалъэкIа кьыйуагъэкIащ Iэнатlэм фэбжь кьыщымыгъэхъунымкIэ хабзэхэм хурамыгъэжьа лэжьакIуэу 272-рэ. Къэпщытэныгъэхэм кьаригъэкIуэжьа кьыззэрагъэпэщыкIэхэр лэжьыгъэр хъумэнымкIэ законодательствэм кьиригъувэхэм кьемызэгъыу нэхъыбэрэ урохьелIэ:

язынныкъуэ унафэщIхэм (лэжьапIэ зытхэм улахьэр тыныммкIэ лэжьыгъэмкIэ законодательствэм кьигъэув мардэхэр кьыззэрымядзэм;

жэуап зыбгъэдэхуэ лэжьакIуэхэр я Iэщ IагъэкIэ яIыгъ кьулыкъухэм кьыззремызэгъым;

организацэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ IагъэлIхэмрэ щыIэ хабзэхэм тету лэжьыгъэр хъумэным фIэкIыпIэ имыIэу хуегъэджэнэр, абы и лъэныкъуэкIэ кьаригъувэхэм зэрыщыгъуаэзр кьэпщытэнэр зэрырамыгъэкIыным. Абы кьэрокIуэ хабзэм кьиригъувэхэм тетыныр, лэжьыгъэр хъумэнымкIэ хабзэ нэхъыщхьэхэр гъэззэщIэныр кьыззэрызэрамыгъэпэщыфыр, я кьалэнхэм Iэпэдэгъэлэлу зэрыбгъэдыхьэр, апхуэдэу щыщыткIэ, мы Iэнатlэм хуэгъэзауэ цIыхухэм яIэ хуитныгъэхэр кьызэгъэпэщыным зэрытемыпхьэр;

шынагъэншэу Iэнатlэм пэрытынымкIэ, электромэзпсымэхэр кьэгъэсэбэлъныммкIэ, хьэпсэхэр ильэнэмкIэ яхьиныжьымкIэ, автомобиль транспортыр, станокхэр, оборудованэр гъэлажьэнымкIэ хабзэхэр щыгъэбелджыным къэралнормативнэр кьыщыгъэльэгъуа иджырей правовой актэр куэдрэ кьыззэрызэпаудым;

Iэнатlэм кьыщыхьуа фэбжьхэм я щхьэусыгъуэхэр зэхэгъэкIынымрэ ахэр Iуэхуу щIынымкIэ щыIэ хабзэхэр лэжьапIэ зытхэм зэрамыгъэзащIэм;

зыпэрыт Iэнатlэм я узынщагъэ хъума щыхьэн папщIэ лэжьакIуэхэм ират Iэмэпсымэхэр фIагъэшмкIэ мардэхэм кьызэримыкIым, абыхэм сертификатхэр зэрамылIэм, узынщагъэ хъумэныр нэгъэсауэ кьызэрызэрамытэпэщым, язынныкъуэ организацэхэм узынщагъэр зэхъумэнымкIэ Iэмэпсымэхэр лэжьакIуэхэм зэрыщрамытым;

лэжьакIуэхэр зыпэрыт Iэнатlэхэм щыIэ щытыкIэр зыхуэдэм нэгъэсауэ зэрыкIэлъымылIым (щыIэ щытыкIэм теухуауэ лэжьапIэ Iэнатlэхэм я аттестацэ егъэкIуэкIынымкIэ къэув къалэнхэр зэрамыгъэзащIэм, аттестацэ щрагъэкIуэкIын хуей пIалъэхэм зэрытемытым).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и деж щыIэ Жылагъуэ советым чэнджащ ярет:

1. КъБР-м и Парламентым:

1) лэжьапIэм кьыщыхьуа зэгурымыIэныгъэхэр зэхагъэкIын папщIэ лэжьыкIуэхэм суд органхэм зэрыкьуагъэ хъуну пIалъэр зы илъэсым нэсу хэгъэхъуэнымкIэ Урысей Федерацэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кодексым и 392-нэ статьям зэщIэхъуэнымкIэ щыIэ;

2) Урысей Федерацэм Административнэ хъуанщагъэхэмкIэ и кодексым мыпхуэдэ зэхъэжькIынымкIэ зэлъхьэнымкIэ:

а) лэжьыгъэмкIэ законодательствэр кьыззэрызэпаудамкIэ кьуанщэ цIыхухэр административнэ жэуапым щрашалIэ хуэну пIалъэр зы илъэсым нэсу нэхъыбэ щIыныр хуэгъэзауэ;

б) къэрал кIэлъыплъныгъэ, къэпщытэныгъэ езыгъэкIуэкI органым, кьулыкъу зыыбгъэ цIыхум яхуигъэувэ пIалъэхэм кьрибыдэу кьуанщагъэр зэрымыгъэзэжьыным кьыдэкIуэ Урысей Федерацэм Административнэ кьуанщагъэхэмкIэ и кодексым и 19.5-нэ статьям и Iыхьэ 1-м ипкъ иткIэ тралъхьэ тезыырр нэхъ ин щIыным икIи ар нэгъэщI къэзыгъэзэжьыным;

в) Урысей Федерацэм Административнэ кьуанщагъэхэмкIэ и кодексым и 5.27-нэ статьям ипкъ иткIэ, тралъхьэ тезыырр нэхъ ин щIыным икIи ар нэгъэщI къэзыгъэзэжьыным я гражданствэ зимыIэ цIыхухэр хабзэм къемызэгъыу УФ-м зэрыщагъалажьэм папщIэ тралъхьэ тезыырм (УФ-м Административнэ кьуанщагъэхэмкIэ и кодексым и 18.15-нэ статьяр) щыщу щIыным хуэгъазэу;

г) «Къэрал кIэлъыплъныгъэ (къэщытэнэгъэ) езыгъэкIуэкI органым (кьулыкъущIэм) законым кьеэзгъэку кьиныбжьэхэр фIэкIапIэ имыIэу егъэгъэзщIэныр» статьям мы кьыкIэлъыкIэм хуэдэу ину дэщIыгъуэкIым:

«Мы Кодексым и 19.5-нэ статьям кьыщыгъэлъагъуа административнэ кьуанщагъэм техуауэ Iуэхум щыхэплъэкIэ, административнэ тезыр зэрытрилъхьэм кьыдэкIуэу, судыщIэм унафэ трещIыхь законодательствэр кьыззэрызэпаудам техуауэ кьыщIагъэщаэр гъэзэкIуэкIымкIэ къэрал кIэлъыплъныгъэ (къэщытэнэгъэ) езыгъэкIуэкI органым (кьулыкъущIэм) законым кьеэзгъэку кьиныбжьэхэр фIэкIапIэ имыIэу егъэгъэзщIэным» хуэгъазэу

закон кьэщтэным техуауэ жэрдэм Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кьыщыхьэхьэным техуауэ Iэнум КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ и инспекцэмрэ КъБР-м и прокуратурэмрэ ящIыгъуу хэплъну.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым:

1) лэжьыгъэмкIэ законодательствэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэззэщIэнымкIэ;

2) лэжьапIэ зытхэм лэжьапщIэмкIэ ятелъ щIыхуэр егъэпшынэжьыным, къэрал Iуэхущ IапIэхэм ящыщу щIыпIэ зэзыхьэу ящыщ лэжьапщIэмкIэ зэблэмыгъэуным;

3) «ЛэжьыгъэмкIэ законодательствэр, лэжьыгъэмкIэ хуитныгъэм и мардэхэр кьыщыхэщ адрей хабзэ мардэхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыпIэ щыщ Iуэхущ IапIэхэм я Iэщ IагъэкIэ яIыгъ кьулыкъуэхэм зэхилъэну.

3. ЦIыхум и хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм, Федеральнэ налог кьулыкъущIапIэм и Управлензэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм - лэжьыгъэхьэлIа хабзэ зэхущытыкIэхэм я лъэныкъуэкIэ цIыхухэм я хуитныгъэхэм кьахьащ. Я лэжьапIэхэм пIалъэкIа кьыйуагъэкIащ Iэнатlэм фэбжь кьыщымыгъэхъунымкIэ хабзэхэм хурамыгъэжьа лэжьакIуэу 272-рэ. Къэпщытэныгъэхэм кьаригъэкIуэжьа кьыззэрагъэпэщыкIэхэр лэжьыгъэр хъумэнымкIэ законодательствэм кьиригъувэхэм кьемызэгъыу нэхъыбэрэ урохьелIэ:

язынныкъуэ унафэщIхэм (лэжьапIэ зытхэм улахьэр тыныммкIэ лэжьыгъэмкIэ законодательствэм кьигъэув мардэхэр кьыззэрымядзэм;

жэуап зыбгъэдэхуэ лэжьакIуэхэр я Iэщ IагъэкIэ яIыгъ кьулыкъухэм кьыззремызэгъым;

организацэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ IагъэлIхэмрэ щыIэ хабзэхэм тету лэжьыгъэр хъумэным фIэкIапIэ имыIэу хуегъэджэнэр, абы и лъэныкъуэкIэ кьаригъувэхэм зэрыщыгъуаэзр кьэпщытэнэр зэрырамыгъэкIыным.

2012 гъэм и мазэ 11-м кучырыбдзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм прокуратурэмкIэ и органхэм лэжьыгъэмкIэ законодательствэм къемызэгъ Iуэхуу 7777-рэ кьыщIатэщащ икIи ахэр хуегъэжьэным, хабзэм кьемызэгъ актхэр егъэкъэутэжыным хэгъэзэ тхыгъэ 1011-рэ зыхуэфащэхэм ягъэтхьащ. ЦIыхухэм лэжьыгъэм ехьэлIауэ яIэ хуитныгъэхэм кьащхьэщыжьыным теуауэ лъэIу тхылъу 3355-рэ судым ираташ, мыхъумыщIагъэхэр зэрыщIэным теуха тхыгъэхэм якпъ иткIэ, кьуанщагъэ зыбгъэдэль кьулыкъущIэхэм щыщу 388-рэ дисциплинарнэ къэуцIыным ирагъащ. Унафэщу 239-м ялэжьхэр кьыззэремызэгъым теуха тхылъхэр хуагъэхьащ, кьулыкъущIэу 182-м административнэ тезыырэр трагъэхьащ. Урысей Федерацэм и Уголовно-процессуальнэ кодексым и 37-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 2-м ипкъ иткIэ, къэпщытэныгъэ 8-м ярикIуахэм ятещIыхьауэ уголовнэ Iуэхуу 5 кьыззIуахащ.

Хэхаущ темыгуэзвыхьпIэр иIэкъым лэжьапщIэ тыным и лъэныкъуэкIэ законыр зэрамыгъэзащIэм.

КъБР-м и прокуратурэм кьыззыщIэщащмкIэ, 2012 гъэм дыгъэгъаэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу республикэм лэжьапщIэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 49-рэ мин 580-рэ щIэзэтрихьащ. Ар зытеуха предприятэ 22-м ящыщу 16-р банкротщ, 4-м финанс-хозяйствэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкIыркъым, лажьэр 2-рщ. ЦIыхуэ кьызытехуа предприятэхэм я кьыззэгъэщыкIэмрэ мыльку зыIэщIапхэмрэ я лъэныкъуэкIэ гуп зэмылIэужьыгъуэхэм хеубыдэ. Предприятэу 5-р къэралым ейщ е къэралым и Iыхьэ хэлъщ, 6-р муниципальнэ IэужыщапIащ, ящей 11-р фейдэ хэлъыным и кIыхьэхэрщ. Лэжьапщ Iэ нэсу зрамыта цIыхухэм я бжыгъэр мини 2-м щIегъу. ЦIыхухэм и процент 90-м щIигъу зытелъыр Налшык къалэм, Iуащхьмахуэ, Шэджэм муниципальнэ районхэм щыщ предприятэхэрщ.

Зэбгъэпщэн папщIэ мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьэпхъ хъунущ: 2010 гъэм дыгъэгъаэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапщIэмкIэ щIыхуэу сом мелуан 5-рэ мин 435-рэ, 2011 гъэм и апхуэдэ дыдэ зэманым - сом мелуан 15-рэ мин 839-рэ щIыIаэу аращ.

Псом хэмыдзэу уегъэпIейтей республикэм и къэрал органхэм, кьапщтэмэ, КъБР-м Къэрал мылькымрэ щIы IуэхухэмкIэ и министерствэм, кьыззэрагъэпэща предприятэхэм я лэжьакIэм («Iуащхьмахуэ Iьапэ и кIапсэрыкIуэ гъэгуэхэр» ОАО-м, «Эльбрустурист» ОАО-м, «Тырныауз къурш комбинат» къэрал предприятэ зэгуэтым, «Аушыджэр» ООО-м, «Борен Текстиль» ООО-м, «Къэбэрдей Iуэхуантlохэр» КъБР-м и къэрал мэкъумэщ предприятэ зэгуэтым псори зэхэту лэжьапщIэмкIэ сом мелуан 37-рэ мин 500-м щIигъу щыIэуэ ятелъщ).

ЛэжьапIэ зытхэм лэжьапщIэ тыныммкIэ законодательствэм къыззыуахэр ягъэзэщIэнырэ къыззэригъэпэщырэ мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и къэрал инспекцэм зи къыззэгъэпэщыкIэ зэхуэмыдэ предприятэхэу Iуэхущ IапIэу 487-м (абыхэм ящыщу 208-р бюджет Iуэхущ IапIэщ) къэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIащ.

Къэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIым лэжьапщ тыныммкIэ законодательствэм къемызэгъ Iуэхуу 1550-рэ (абыхэм ящыщу 476-р бюджет организацэхэм) къыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу 100-р лэжьапщIэр, лэжьапIэм IукIыжкэм, зыгъэпсэуакIуэ кIуэхэм ялыс ахъшэр тыныр хабзэм къемызэгъыу зэраубыдарщ (а ныкъусаныгъэхэм ящыщу 60-р здэщыIар бюджет Iуэхущ IапIэхэрщ).

Апхуэдэу мыкъумыщIагъэхэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ лэжьапIэ зытхэм тхылъ 412-рэ (бюджет Iуэхущ IапIэхэм я унафэщIхэм - 171-рэ) хуагъэхьащ. Абыхэм ящыщ иткIэ лэжьакIуэ 4319-м (бюджет организацхэм я лэжьакIуэ 1406-рэ хэту) яубыда лэжьапщIэу псори зэхэту сом мелуан 40-рэ мини 180-рэ (бюджет Iуэхущ IапIэхэм я лэжьакIуэхэм сом мелуани 10-рэ мин 840-рэ) ираташжащ. Лэжьапщ тыныммкIэ законодательствэм къыззыуахэр ягъэзэщIэнырэ къыззэригъэпэщырэ мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЛэжьыгъэмкIэ и Х

● Фестиваль

Дыкъэзыгъафэ-дыкъэзыгъэуджхэм я зэхыхьэшхуэ

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм щызэхуащlыжащ «Си лъахэу Къэбэрдей-Балъкъэр» фестиваль-еплъыныгъэм. Абы хэтащ республикэм и къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ гупхэм ящыщу фlым я фlыжхэр.

ФИГУ къэдгъэкlыжыщи, нэгъабэ и кlуэцlкlэ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щекlуэжащ «Си лъахэу Къэбэрдей-Балъкъэр» фестиваль-еплъыныгъэм и япэ Іыхьэр. Абы кърикlуам тету, къыхэжаныlахэр Профсоюзхэм Щэнхабзэмкlэ я унэм ирагъэблэгъащ.

Республикэм ис лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я нэхъыжьхэри нэхъыщlэхэри зэхыхьэм зэхуишэсащ. Ахэр темыпlэжу пэплъэрт дыкъэзыгъафэ, дыкъэзыгъэудж гупхэр сценэм къыщихьэну дакъикъэм.

Ялэу сценэм къихьащ КъБКъУ-м уэрэдымкlэ и «Амикс» цlыхуб театрыр, республикэм исхэм фlыуэ ялъэгъуа Къалмыкъ Тамерлан цlыкlу я пашэу. Щыхьэ зыпыт къалэныр - зэхьхьэр къыхэlухыныр - ахэмрэ зыпытхэмрэ сар. «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдымкlэ фестивалыр къыз эlуихащ «Амикс» театрым. Зэхьхьэм и къэфакlуэхэмрэ уэрэджыlакlуэхэмрэ езыгъэблагъэр фестивалым хэтхэм я нэхъыщlэ дыдэ, зи къэфэкlэ дахэмрэ зыlыгъыкlэ екlымрэ лъэпкъыр иригушхуэ Тамерлан цlыкlуш.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къудамэ **Портэ Галинэ** и пашьэм къыхигъэщащ республикэм и щэнхабзэм мы фестивалым мыхьэнэщхуэ зэрыщиубыдыр. Зэхьихьэм зи зэфlэкlкl щызыгъэльэгъуэну гупхэм ящыщу уэрэджыlакlуэ, къэфакlуэ Іэзэ къызыхэкlынухэмрэ пщэдей нэгъуэщl щыналъхэм республикэм и цlэкlэ зыкъыщызыгъэльэгъуэну артистхэмрэ мыбдеж къызэрыщынlэнур абы жиlа нэужь, фестивалым хэтхэм ехьуэхьащ я зэфlэкlэм хагъахьуэрэ ехьулlэныгъэ я куэду утыку итыну, я мурадхэр къехьулlэну.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэфlэкl зиlэ цlыхухэмкlэ дапщэщи къулейуэ щытащ. Ди къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ ныбжьыщlэхэр ээпымыуэ я зэфlэкl щоплъыж урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм. Абыхэм республикэм и цlэр зэрыщаlэтым, езыхэми нэгъуэщlхэр зэрызытрамыгъакlуэм дрогушхуэ. Мы зэхьихьэм хэт гупхэм яшыщ куэдым, зэрыныбжьыщlэми емылъытауэ, къыфlащащ «Щапхъэ зытрах», «Цlыхуб ансамбль» щlыхьыщlэхэр. Республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщl щынальхэмми ахэр къыщащlыхуауэ фlыуэ къалъагъу. Гупхэм я утыку итыкlэ екlымкlэ а пщlэр езыхэм къалэжьыжащ, - жиlащ Портэ Галинэ.

КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр **Фырэ Руслан** фlыщlэ яхуищащ республикэм и районхэмрэ къуажэхэмрэ я Іэтащхьэхэм цlыхуб гъуэзджэм гулъытэ зэрыхуащым, нэхъыжьхэм къащlэна щэнхабзэ хьугъуэфlыгъуэр зэрахьуэм папшlэ.

Министрым жиlащ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыlэ Щэнхабзэмкlэ унэхэр зэрагъэпэщыжу абы я лэжьыгъэхэр зэтегъэувэжьыным теухуэ программэхэр зэрагъэзэщlэнур, ныбжьыщlэхэр Іэпщlэльапщlэу ягъэсэныр, къафэмрэ уэрэдымрэ я Іэпэгъуу къагъэхьуныр я къалэн нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

Цlыхуб творчествэм хуащlа хэльхьэныгъэфlым папшlэ, «Щапхъэ зытрах», Цlыхуб ансамбль» цlэхэр зэрыфlащам щыхьэт техьуэ щыхь тхьилъхэр Фырэ Руслан яритыжащ. Апхуэдэхэщ, псальэм папшlэ, Шэджэм районым администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl Вэрокъуэ Ларисэ (уэрэдымрэ къафэмкlэ «Шэджэм псыкъельэхэр» цlыхуб ансамблыр, къафэмкlэ щапхъэ зытрах «Джигиты Чегема» ансамблыр, нэгъуэщlэри), Прохладнэ район администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl Лутl Алим (къафэмкlэ щапхъэ зытрах «Импрессия», «Улыбка», «Повитруля» ансамблхэр, «Родные просторы» цlыхуб хорыр, нэгъуэщlхэри), КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Іэуес («Къафэ» цlыхубэ ансамблыр, къафэмкlэ «Каллисто» цlыхубэ театрыр, КъБКъУ-м и хорыр, уэрэдымкlэ «Микс» цlыхубэ театрыр), Аруэн район администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl Шыгъушэ Хьэутий (уэрэдымрэ къафэмкlэ «Нартхасэ» цlыхубэ ансамблыр, уэрэдымрэ къафэмкlэ щапхъэ зытрах «Нартшыр» ансамблыр, къафэмкlэ «Вдохновение» цlыхубэ ансамблыр, нэгъуэщlхэри).

А махуэм яльэкl къагъэнакьым Шэджэм, Прохладнэ, Аруэн, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Іущхьэмахуэ, Бахьсэн, Тэрч районхэмрэ КъБКъУ-мрэ я къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ гупхэм. Зи нэгум нурыр кьрих ныбжьыщlэхэм я утыку итыкlэм зэхуэсахэм дрэзжэгъуэу иратар кьэlуэтэжыгъуейщ. «Шэджэм псыкъельэхэм» я макъ жьгъырум, КъБКъУ-м и «Къафэ» цlыхубэ ансамблым и пасэрей хьэтхэм я къафэм, «Нартхасэ», «Нартшыр», «Нур», «Ислъэмей», «Анзорей» ансамблхэм я пщащэ зэкlуэжхэмрэ щlалэ къуднхэмрэ я къэфэкlэм, зауэлlхэмрэ ахэр зыхъуэм мелыбычхэмрэ я къафэу «Дэрэжэгъуэ» цlыхубэ ансамблым игъэзэщlам нэри псэри яхьэхуат. Прохладнэ куейм и къэзакъэм я къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ абы щыбгъужмэ, гурыlуэгъуэщ зэхьхьэр нэгузыужьу, гукъинэжу зэрекlуэжкlар.

Къафэмрэ уэрэдымрэ щызэщlэжьауэ фестивалым кърихьэлlахэм я гур хигъэхъуарэ, апхуэдэ зэфlэкl зиlэ щlэблэ къыззэрытщlэхьуэм иригушхуэу зэбгрыкlыжащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Нэри псэри яхьэхурт

Гур зыгъэушэ, псэр зыгъэльэтэ къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ теухуа «Си лъахэу Къэбэрдей-Балъкъэр» фестивалыр купщlафlэу зэрекlуэкlам къыщымынэу, удэзыхьэхт, гукъинэжт.

ЩЭНХАБЗЭ зэхьихьэм и етlуанэ махуэм Шэрэдж, Май, Дзэлыкъуэ районхэм, Прохладнэ, Бахьсэн, Налшык къалэхэм я къэфакlуэ, уэрэджыlакlуэ гупхэм я зэфlэкl ягъэльэгъуащ. Абыхэм еплъыну къызэхуэсахэм КъБР-м щэнхабзэмкlэ и министр Фырэ Руслан защыхуигъаазэм къыхигъэщащ фестивалым хэт ансамблхэм республикэ псор зэрырипагэр, ахэр лъэпкъым и налкъутналмэсу зэрыщытыр.

- Фlыгъуэу къызолъытэ ди щlэблэр мыпхуэдэ Іуэху дахэм къызэрыхьхьэр. Зэманкlэ зыпэплъытмэ, къафэм диньах, щэнхабзэр зыхэзыщlа, хабзэм къыдекlуэкl щlалэгъуалэр нобэ нэхъыбэ хъуащ. Ар дольагъу утыкум къихьэ ныбжьыщlэхэм я лэжьыгъэм ущыкlэлъыплъкlэ. Узынщагъэрэ екъулlэныгъэрэ яlэну сохъуэхъу псоми, - жиlащ министрым.

Цlыхубэ творчествэм хуащl хэльхьэныгъэм папщlэ, я лэжьыгъэм хуэIэижьу зэрыпэрытым щхьэкlэ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм къыбгъэдэкl щlыхь тхьилъхэр ираташ Налшык щылажьэхэу: щапхъэ зытрах «Налщlыкlу» сабий къэфакlуэ гупым, къафэмкlэ «Черкесия» цlыхубэ ансамблым, «Басият», «Минги-тау», «Нартсанэ», «Кавказ», «Дети гор», «Эпия» къэфакlуэ гупхэм, «Эстафета» цlыхубэ хорым, «Родник» къэзакъ лъэпкъ хорым; Шэрэдж районым щыщхэу: къафэмрэ уэрэдымкlэ «Карасу», «Кьуанч», Іущхьэмахуэ» ансамблхэм; Прохладнэ къалэм: «Блюз», «Новое дыхание», «Созвездие», «Росичи», «Ассорти» къэфакlуэ гупхэм; Май щlыналъэм: «Феникс» уэрэджыlакlуэ студием, «Майчанка», «Водограй», «Мы - терские казаки» ансамблхэм; Дзэлыкъуэ районым: «Маленький джигит», «Эхо гор», «Нэмыс», «Ислъэмей»; Бахьсэн къалэм: «Агни», «Джэгуакlуэ», «Бахьсэн ауз», нэгъуэщlхэри.

Гукъыдэжьыр къиlэту зэхьихьэм ягъэзыкъыщигъэльэгъуащ лъэпкъ къафэхэмкlэ «Дети гор» ансамблым (художественнэ унафэщlыр КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Хьарзынэ Рустамщ). Гупым хэт щlыхь 43-м щыщу плIыр Хэку зауэшхуэм и ветеранщ.

Къафэмкlэ щапхъэ зытрах «Басият» ансамблым хэт щlалэгъуалэр я къэру ебгъэжьаным, я зэфlэкl ягъэльэгъуэн папщlэ. Сыт щыгъуи зи мурадыр зэзыгъэхъулlэ, жыджэр гупыр Хьэсэней жылагъуэм Щэнхабзэмкlэ и унэр къыщызэlуахьым ирихьэлlэу къыдэзрагъэпэщауэ щытащ. Ансамблым и репертуарым къэрэшей-балъкъэр лъэпкъ къэфакlэхэм къищынэмыща, Кавказым ис лъэпкъ псоми я къафхэкъэри хэтщ. Ахэр ныбжьыщlэхэм къехьулlэн щхьэкlэ набдзэгубдапльэу, гумызагъэу гупым ядолажьэ Мусукаевв Анжеликэ.

Фестивалыр я къафэхэмкlэ ягъэдэхащ ансамбль нэхъ щlалэ дыдэхэм щыщ «Минги-тау»-м. Гъуэзджэхэмкlэ сабий школ №1-м и къудамэу Хьэсэней дэтым 2007 гъэм къыщызэрагъэпэща гупым зэман кlэщlым зэфlэкl къигъэльэгъуащ, зэхьэзэхуэ, фестиваль зэхуэмыдэхэм саугъэт лъапlэхэр къыщихьащ. Щэнхабзэ зэхьихьэм гупым щигъэзэщlащ хабзэм ехьэлlа къэфакlэхэр.

Гулъытэ хэха хуэфащэщ зи тхыдэр зэман жьыжьэм кlуэ «Родник» къэзакъ лъэпкъ хорым. 1985 гъэм и къэнэжа уэрэджыlакlуэ гупым нобэкlэ цlыху 30 хэтщ. Абыхэм ягъэзащlэ Тэрч, Дон, Кубань къэзакъхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я уэрэдхэр.

Республикэр зэрыгушхуэ, зэрыбжьыфlэ ансамблхэм ящыщщ Дзэлыкъуэкъуажэ Щэнхабзэмкlэ и унэм щагъасэ «Маленький джигит» сабий къэфакlуэ гупри (художественнэ унафэщlыр Къардэн Вячеславщ). Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я къафэхэр зыгъэзащlэ мы ансамблым и щlэр жьжьэ щигъэlуащ, зэрыщыlэ ильэсипщlым кьриубыдэуи республикэ зэхьэзэхуэ куэдым я лауреат хъуащ. Гупым хэтщ ильэси 9 - 15 ныбжьымит сабий 40-м нэблагъэ. 2005 гъэм ансамблым къыхуагъэфащауэ щытащ «Щапхъэ зытрах» цlэ лъапlэр.

Гуп цlэрыlуэщ «Кавказ» ансамблыр. Творческэ лъагапlэ инхэм хущlэкъуу къэгъуэгурыкlуэ мы гупым ныбжьыщlэ 80 хуэдиз къызэщlеубыдэ (ильэси 6 - 14 зи ныбжьэрщ хэтыр), куэдым фlыуэ ялъэгъуа къэфакlуэ щыкlу Къалмыкъ Тамерлан зыхэтыр мы ансамблырщ.

Лъэпкъ къафэхэм къадэкlуэу, фестивалым щагъэлъэгъуащ спорт, бал къэфакlэхэри. Прохладнэ къалэ щылажьэ «Блюз» ансамблым «дызыхиша» вальсыр щlэщыгъуэт, дахэт. Я щыгъынкlэ, я макъкlэ нэр, псэр зыхьэхуахэм ящыщт «Созвездие» цlыхубэ уэрэджыlакlуэ студиери, Прохладнэ къалэ округым и щlыпlэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щылажьэр.

Пlэщlыгъуэкlэрэ къэгъуэгурыкlуа къафэхэр, уэрэдхэр цlыхубэм ихъумащи, абы и мыхьэнэр къызыгурыlуэ щlэблэ ноби дызэриlэр фlыгъуэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.







Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Адыгэхэм я тхыдэм урегъэплъэж

● Тхыдэ

Котляровхэр Мариерэ Викторрэ я тхыль тедзапIэм иджыблагъэ кьыщыдэкIащ «Адыгэ: воины и мастера» сурэтыльэ дзэгъэ. А кьыдэкIыгъэм (А4 формату напэкIэуцI 328-рэ мэхъу) ихуа тхыгъэр я купщIэкIи кьыз эщIаубыдэ Iуэхугъэкли гъэщIэгъэунэ, езым и теплъэкли и зэхэгъэувэкIэкли кьыз эрымыкIуэщ.

АПХУЭДЭ жэрдэмыр кьызыбгъэдэкIа, тхыль тедзапIэм и сурэтыщI Щоджэн Жанэ я пэжыкьагъэм ильэс зыбжанэ тригъэкIуэдащ. Жаннэ и лэжьыгъэм егупуу зэрыбгъэдэтым и фыиГъэкIэ сурэтыльэм щыIэзэхуэхьэса хьуащ адыгэхэм кьадекIуэжа Iепащ- лъапщIагъэм и лIужьыкIагъуэ псори. Абы ихуащ ди кьэралм ихамэ щыпIэхэми щыIэ музейхэм, щIыхь щхьэхуэхэм я унэм щахьумэ хьэпшып кушдым я сурэтхэр.

Зыпэрыува лэжьыгъэм и инагъымрэ яIэ зэфIэкIымрэ зэхуэмыдэми, псори абы кьыз эщIебгъэубыдэфыну зэрыщымытыр кьагурыIуэу тхыль тедзапIэр хущIэкъуащ адыгэ Iэпщ1эльапщIэхэм я зэфIэкIыр нэхь щIэзу, куэду кьызэрагъэльэгъуэным.

«Адыгэ: воины и мастера» кьыдэкIыгъуэм тхэгъэнущ абы ихуа хьэпшыпхэм ятеухуа хьыбархэр адыгэбзэкли инджылызыбзэкли тхаэу, щэ бжыгъэкIэ абы кьыщыгъэльэгъуа сурэтхэм ящIащ куэдым тхыльеджэхэм я мызакъуэу, Iэщ1агъэлIхэри щыгъуазэкьым.

Тхыльыр плыьфабэу традзащ, и жинтыр Iуву, нкьыуэ дахэу гъэщIэрэщIауэ апхуэдэщи, кьыдэкIыгъэр хэт и дежкIи саугъэт дзэгъэщ. Сурэтхыльэр кьыдэгъэкIыным теIуэдэну мылькум тхыль тедзапIэр и закъуэкIэ щыпэмыльэщым, дэIэпыкIуэгъуэхэр кьалыхьхуащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ лъэIум кьыпэджкэжар зы цIыку закьуэщ - Москва кьалэм дэс, «Велес Капитал» инвестицIэ Iуэхущапи1эм и унафэщI Гнедовский Алексей.

КьыдэкIыгъэр зыльэгъуа дэтхэнэми ар фIэгъэщIэгъуэ зауэкIэ жыпIэмэ а сурэтыльэм и фIыгъэкIэ нэхьыбзэм ящIащ. Абы ихуащ ар ирогушхэу, сыт щIыкIэ жыпIэмэ а сурэтыльэм и фIыгъэкIэ нэхьыбзэм кьащIащ адыгэ лъэпкьым и тхыдэм и кууагъыр, абы гъуэгуанэ купщIафIэ кьызэрэзэгъринэкIар.

Тхыль тедзапIэм и унафэщI Котляров Виктор «Адыгэ: воины и мастера» лэжьыгъэшхэм зэхэтыр. Абы ихуащ ар зыгъэгъэхьэлъ щыIэт. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъуэт: зихуэдэ щымыIэ хьэпшып дахэр зэрагъэщым и мызакъуэу, а Iэпщ1эльапщIэхэм мыхьэнэшхуэ ягъэзащIэрт зыгъэпэщынымкIэ, абы зиужьынымкIэ. Адыгэ сэшхуэр, адыгэ кьамэр, адыгэ фочыр - а псалъэ зэпхахэр фIагъ псалъэм и синоним хьуат. «Дышъэр дыжьынкIэ ахэр зэрагъэщIэрэщIэр Iэщ1эм дихьэх европейхэм зэрагъэщIэгъэнкьым щыщIэртэкьым», - итхьыжыгащ адыгэхэм я щхьэхуитынигъэм щыщIэбэным яхэта Лапинский Теофил (1827-1886 гъ.гъ).

Адыгэхэм я Iэщ1 лIэужьыгъуэхэр адрейхэм кьаэрыщIэхьащIкI нагъыщ1э нэхьыщхьэр абыхэм тет тхыпхьэхэрт. Ар адыгэхэм я щэнхабзэм и зы Iыхьэ I эщIэгъэщIащ. Тхыпхьэхэм ящрохьэлIэ Iьэпэкь фащ1эм, щIыхуэбз, щIыхуэбз бгырыпхэм, вакъэм, дыщ1эжькI хьэпшыпхэм, шым епха Iэмэпсымэхэм, пхъэм кьыхэщIыкIа хьэкъуащIкьу зэхуэмыдэхэм.

Адыгэ лъэпкь фащ1эм, псом хуэмыдэу бзыльхъугъэм ейм, тхыпхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр хэту апхуэдэщ, ар дыщ1, дыжькIи IуданэхэмкIэ хдэкIащ, уагъэхэмкIэ гъэдэхащ. Дуней псом цIрыIуэ щIыхуащ икIи кавказ лъэпкь щыгъыныгъуэ нэхьыщхьэу кьалытэ адыгэ цIыхухьэ фащ1эр, щIакIуэр, бащIыкьыр. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я закъуэкьым абыхэм щапхьэ тезыщ, нобэ а фащ1эр эрахьэ кьэзакъэмк.

Адыгэ Iэпщ1эльапщIэхэм ящIа дэтхэнэ зы хьэпшыпри и тепльэкIэ зэрыщдахэм хуэдэу, и кьэргъэсэбэпыкIэкли тыншу, сыт и лъэныкьуэкли гъащIэм хуэщIауэ щытщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, адыгэ Iэщ1эхэр, шы Iэпсльэпсхэр, вакьэр, зыгуэркъэр кьрепхьэкIыну ящIа чысэр, хьуржьыныр, кьэльтмакьыр.

Котляровхэ я тхыль тедзапIэм жэуаплиныгъэщхэу и пщ1э дильхьэжу иллъэс куэдкIэ иригъэкIуэжIа Iэжьыгъэр дунейм кьыз эрыгъэрыгъэхьэфам, гугъэ кьыдет дунейпсо тхыдэм зи лъэужь кьыхэзына лъэпкъым и кьекIуэкIыкIам и щхуэ куэд кьыгъхуэзIуэых лъэбакьуэщIэхэр адэкIэ ячыну.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Сэкий (КIарэ) Риммэ Сэфрэ Iил и пхъур

● Фэеплъ

Адыгэ, къэрал лъэпкъ щIэныгъэм хэщIыныгъэ игъуэтащ. Урысей Федерацэм, нэгъэуцI къэрал куэдым щыщIэрыIуэ адыгэ бзылъхугъэ, лингвокультурологнемкIэ, германистикэмкIэ, хамэ къэрал литературэмкIэ щIэныгъэ ку зыбгъэдэлъ лэжькIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Сэкий (КIарэ) Риммэ Сэфрэ Iил и пхъур дунейм ехыжащ. Сэкийр лъэпкь щIэныгъэм и зыужьынымкIэ хэтъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэщ. Абы и зэфIэкIым кьихъхьахэм ящыщ Бзэхэр щаджу Армавир дэт бзэ, социальнэ институтыр. А еджапIэ нэхъыщхьэ ея ехъулIэныгъэхэри зэпхар Сэкий Риммэ и цIэрщ.

ШЭДЖЭМ куейм хьыхьэ Шэджэм Езанэ кьуажэм (иджы Шэджэм кьалэ) кьыщалъхуащ Риммэ. Шэныгъэ зэгъэгъатыным хуэпабгъэу къэхьуа хьыджэбз щыкIым ехъулIэныгъэ иIэу 1954 гъэм кьеух йыдзэм дэт курыт щкольр. Нэмыцбзэм дихьэхырти, а бзэм нэхъ кууэ КъБКъУ-м щыхуоджэ. «Пэмыцбзэмкlэ егъэджакIуэ» Iэщ1агъэр зэрыт дипломыр абы кьрат 1961 гъэм. Кьэрал комиссэм и унафэкIэ Римм щыпсжьынэу ягъакIуэ Черкесск кьалэм дэт курыт школ № 13-м. Илъэс зыбжанэкIэ абы щыпсжьа нэужь, Риммэ Армавир мэпхъуэ икIи и гъэжьыгъэм щыпсэу Кхьухьэтьатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Армавир дэт дзэ еджапIэ нэхъыщхьэм. Нужьыкlэ, 1971 гъэм, ар егъэджакIуэу ирагъэблагъэ Армавир дэт кьэрал педагогикэ академием хамэ кьэралыбзэхэр щрагъэдж и кафедрэм. И Iэнатlэм гурэ псэкIэ бгъэдэт лэжьакIуэ гумызагъэм абы кьыщIикIуащ гъэтхапэ курыт щафIэ, ассистентым кьыщыщIэдзауэ профессорым нэс. ЩIэныгъэм хэнэхьуеннШэ бзылъхугъэм и зэфIэкIкIэ кьыщIэхъуащ Джавахишвили и цIэр зэрихьэу Тбилиси дэт кьэрал университетым. 1977 гъэм Риммэ ехъулIэныгъэ иIэу пхегъэкI и кандидат диссертацэр.

Абы и щхьэкIэ куэд дэмыкIыу Риммэ дзыхь кьыхуащI щылажьэ кафедрэм и унафэщI кьалэныр. УнафэщI гумызагъэм, псом япрэизэ, мурад ещI зыхэт гупым и щIэныгъэм Iуэрыгъэхьэуэну. Абы папщIэ Сэкийм кафедрэм кьрегъэблагъэ Москва, Дон Iус Ростов, Краснодар кьалэхэм я щIэныгъэлI щIэрыуэхэр. Аха я унафэщIу, чэнджэщагъэу, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хагъахъуэу хуежьащ; кьохутэныгъэхэр ирагъэкIуэкIырт, статьяхэр ятхырт, диссертацIэхэр ягъэхьэзырырт. КьеклэтыныкIуэ илъэс зытхухьм кьриубыдэу кафедрэм иIэ хьуащ щIэныгъэхэмкIэ япэ кандидатхэр, нэхъ нужьыIуэкIэ - докторхэр. Ахэр мэхъу Сэкий Риммэ кьыз эригъэпэща щIэныгъэ шIоблы и лъабжьэ. ЕгъэджакIуэхэри студентхэри зы ящIат бзэм хуаIэ лъагъуныгъэм, зэхэщIыкI лъагэм, ар зэрегъэджкьыпхьмрэ абы ехьэлIа кьэхуэгъэныгъэхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэ Iэмалхэм рэ хуаIэ гупсысэкIэ Iуэху епIыкIэхэмрэ.

Кафедрэм и Iуэхуэр зэрыригъэфIакIуэм кьыдэкIуэу, езы Сэкийми и зэфIэкIхэр нэхь лъагэж мэхъу. И щIэныгъэмрэ зэфIэкIхэмрэ, кафедрэм щызэфIах лэжьыгъэмрэ зэрыгаръаджэ методикэмрэ иригъэфIэкIуэн папщIэ, Риммэ щIэхьщIэхьуэрэ макIуэ хамэ къэрал зыбжанэм. Ар жьыджэру хэтщ хамэбзэр егъэджыным и Iуэхуэ Германием, Франджым, Финляндием, Швецием, нэгъэуцI щыпIэхэм щыхэзхуащэ дунейпсо конференцэхэм, абыхэм щыIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я гъэжьыгъэ мардэхэм щыгъуазэ зыхуещI. 1994 гъэм педагогикэ академием Сэкийм кьыщыхьэIуихащ германыбзэхэр джынымкIэ щIэныгъэ аспирантурэ икIи абы и лэжьыгъэр кьызыхуэтыншэу зэтреубIэ. А илъэсхэм Сэкийм мурад ещI уней еджапIэ нэхъыщхьэ кьызэIуихыну икIи абы и убзыхукIэ хьунум йолэжь.

1992 гъэм ирихьэлIэу Риммэ егъэджащ 1Экъутытмэтер Эрвин и художественнэ дунейр» доктор диссертацэр. А лэжьыгъэм пщIэшхуэ щIащ щIэныгъэ дунейм. Филологие щIэныгъэхэм я доктор хьуа адыгэ бзылъхугъэм УФ-м Егъэджэнэгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ кьыфIащ профессор щIэ ящIэрри.

Куэд дэмыкIыу щIэныгъэлIхэм нэрыльтагъу ящыхъуащ Сэкийм и акьылыфIагъым кьихьа ехьулIэныгъэр. 1993 гъэм абы кьызэIуех уней еджапIэ нэхъыщхьэ - Армавир лингвистикэ-социальнэ институт (АЛСИ). Риммэ и гъуэгу абы щылэжьащ лъэпкь щIэныгъэлI щIэрыIуэхэу Сэкий Нурдин, Бэчыкь Лейлэ сымэ, нэгъэуцIхэри. Мы зэманым институтыр йофIащIуэ, зеужь. ЗыхуэныщIэныгъэ, методикэ, техникэ лъабжьэшхуэ зиIэ а еджапIэм щIалэгъуалэр Iэщ1агъэ 15-м щыхурагъаджэ, бзэм епха кьэхугъэныгъэхэр щрагъэкIуэкI, Iуэху зехьэкIэ мардэщIэхэм зышрагъэубгъу. Краснодар крайм щыяпэ апхуэдэ еджапIэ нэхъыщхьэр кьалъытащ лъэпкь щIэныгъэм зезыхьэ хэтлъхьэныгъэшхуэ.

Риммэ и еджапIэ нэхъыщхьэр нобэ ябж Урысей Федерацэм и Ипщэ щIыналъэм и щIэныгъэ, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ центру.

Илъэси 10-м щIигъкIэ Сэкийр хэтащ Кубань къэрал университетымрэ Адыгэ къэрал университетымрэ доктор, кандидат диссертацIэу 4, кандидат лэжьыгъэу 18 икIи ахэр ехьулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэщхуэхэм я закъуэкьым Сэкийр цIэрыIуэ зэрыхъуар. Куэд щыгъуазэщ абы и кьалэмыпэм кьыппыкIа щIэныгъэ лэжьыгъэхэм. Псори зэгъусэу ахэр 400-м щIегъу. Абыхэм ихэтщ монографиеу 31-рэ, щIэныгъэ статьяу 310-м щIигъу, тхыдэкIуэ, методикэ пособие зэхуэмыдэхэу 150-м нэс. Ахэр щэщIауэ кьыщIэхъэсэбэп еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэм, егъэджакIуэхэм.

Урысей Федерацэм, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Оксфорд университетым «Илъэсым и бзылъхугъэ» дамыгъэр зыхуитъэфэща, щIэныгъэ лэжьакIуэ пэрытыр а псомкьэ кьадэкIуэу, жылагъуэ Iуэхуэхэми щыщIэрыIуэт. Ар хэтащ Урысейм и германистхэм, философхэм я зэгухьэныгъэхэм. Абыхэм щызэфIах Iуэхугъуэхэр хуэныкъуэ щыпсэу зэрыхуэлажьэм папщIэ» жылагъуэу дамытащ лъапIэр. Апхуэдэу Риммэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Социальнэ лэжьыгъэмкIэ дунейпсо академием я академикт. Урысей Федерацэм и лъэныкъуэ я IэкIуэтытмэгъэр зэригъэбыдэм, лъэпкь щIэнхабзэр хуэмэным хущIэхъуныгъэм папщIэ Урысейм щыпсэу щыпкъэм я Асамблеем Сэкий Риммэ игъэпэщащ щытащ Щыхь тхылъкIэ.

Сэкий (КIарэ) Риммэ Сэфрэ Iил и пхъур, щIэныгъэ лэжьакIуэшхуэм, адыгэм и лъагэуфа бзылъхугъэ щыпкъэм, и фэеплъыр куэдрэ дигу ихунукъым.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр.

● Футбол

Къежьэжын и пэкIэ

Мы гъэм япэу Тыркум щригъэкIуэкIа зыгъэсэныгъэр «Спартак-Налшыкым» къуиучащ. Къежьэжын и пэкIэ абы зэныбжьэгъуэгъэ зэIущIитI мазаем и 1-м иригъэкIуэкIащ.

УКРАИНЭМ и чемпионатым епщIанэ увыпIэр щызыIыгъ Луганск и «Заря»-м мы зэIущIэр хуабжьу жыдэкIэу къыщIидзащ икIи псынщIэ дыдэу бжыгъэр къызэIуихащ. «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэхэмрэ хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ я хьэрхуэрэгъуэхэр зэуа штрафнойм.

АрщхьэкIэ апхуэдэ щIэдзэкIэм ди щIалэхэм я лъэр щIигъэхуакъым. Уеблэмэ ерыщагъ ин къахилхьащ. Абы и ужькIэ джэгуплIэ губльуэм тепщIэныгъэр щызыIыгъар нашыкIэсхэрщ. Ахэр я хьэрхуэрэгъухэм псынщIагъкIи, Iэзагъкли, жыджэрагъкIи ефIэкIырт. Апхуэдэ джэгукIэм, дауи, фIы кьрикIуащ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр имыух щIыкIэ Короновым кьыхита угловойр Аверьяновым Iэзэу кьигъэсэбэпащ икIи бжьыгъэ зэхуэдэ ищIыжащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIи, налшыкдэсхэм тепщэныгъэр зутIыпщащкIи. Абы и саугъэтщ Колумбием кьраша Руа текIуэныгъэр къахуэзыхьа топыр зэрыдигъэкIар. Арати, мазаем и 1-м зэхэта япэ зэIущIэм «Спартак-Налшыкым» Луганск и Заря»-р 2:1-уэ щIихигъэщIащ.

А махуэ дыдэм и пщыхьащхьэм ди щIалэхэр Хорватием и Запрешич кьалэм и «Интер» командэм дэджэгуащ. Шыпшэ Тимур абы кьыщигъэсэбэпар япэ зэIущIэм хэмытахэрщ.

Мыри налшыкдэсхэм хуэмыхуу ирагъэжьащ. Джэгум и япэ Iыхьэм кьыщIыхудагъэкIа топым, загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ, идджыри зы гъусэ я кьыхурагъэщIыжащ. Арщхьэкlэ, 0:2-уэ кьыхагъащIэ пэтми, «Спартак-Налшыкыр» икIуэтакъым. Ди командэм кьыхагъэхьэну зыкIэлъапIэ гъуащхьэуэм япэ щIыкIэ бжыгъэр нэхъ езэгърабгъу ищIащ. Абы иужькIэ, джэгур и кIэм нэблэгъэпаэу, Гъурф Азэмэт и хьэрхуэрэгъум ерыщу ебгъэрыкIуэщ, топыр къытрихри, и закъуэ гъуэм бгъэдыхьащ икIи Iуэхур 2:2-м хуигъэкIуащ.

Арати, Тыркум щригъэкIуэкIа зыгъэсэгъуэм ди щIалэхэм зэныбжьэгъугъэ зэIущIэу 4 щрагъэкIуэкIащ. Япэм Болгарием и «Пирин»-р 0:1-уэ къыщытекIуащ, кьыкIэльыкIуэм Полтавэ и «Ворскла»-м 0:0-у дэджэгуащ, ещанэм Луганск и «Заря»-м 2:1-уэ ефIэкIащ, иужьым Хорватием и «Интер»-м зэрытемыгъэкIууэ бгъэдэкIыжащ.

Иджыпсту «Спартак-Налшыкым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щыIэщ. Мыгувэу ар Кипрым кIуэнущ, мазаем и 9-м щыщIэдзауэ абы щекIуэкIыну Футбол Лъэпкъ Лигэм и кубокыр кьэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм хэтыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Щэнхабзэ

Гуащэ театрым и зэфIэкIхэр

Мазаем и пэщIэдзэ махуэхэм щегъэжьауэ Налшык и курыт еджапIэхэм я хьэщIэнущ куэдым фIыуэ ильагъу, республикэм и Гуащэ театрым и артистхэр.

МАЗАЕМ и 5-м школ №25-м абыхэм щагъэлъэгъуащ Орловым и «Дыщэ джэджьей» спектаклр. Ар зытеухуар псоми яфIэдэдж дыгъужьым, икIэмикIэжьым, джэджьей щыкIым кьыхуэзэкъуиха гу щагъэгъэщ.

Нобэ еджапIэ №18-м щекIуэкIынущ Юнгер и «Розэ хуэжьым» къыщащIыкIа театр теплъэгъуэр. Ар теухуащ ди кьуажэр уд еIуящIэхэм кьызыгъэла щIалэ хьыжьэ щыкIым.

Сабий гъэсапIэ №57-м щыIэ щыкIуэр иужькIэ ягъэгуфIэнущ «Аслъэн гу щаба» спектаклымкIэ. Абы хэт лIыхъужьхэм ди лъэпкъхэм кьадэгъуэгурыкIуэ щIэхэр зэрызэрахьэм сабийхэр нэхъри дрегъэхьэх: Уд фыжьыгъуэхэр хэту апхуэдэщ, ар дыщ1, дыжькIи IуданэхэмкIэ хдэкIащ, уагъэхэмкIэ гъэдэхащ. Дуней псом цIрыIуэ щIыхуащ икIи кавказ лъэпкъ щыгъныгъуэ нэхъыщхьэу кьалытэ адыгэ цIыхухьэ фащ1эр, щIакIуэр, бащIыкьыр. Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я закъуэкьым абыхэм щапхьэ тезыщ, цIыхуфэ, щIыхуфэ бгырыпхэм, вакъэм, дыщ1эжькI хьэпшыпхэм, шым епха Iэмэпсымэхэм, пхъэм кьыхэщIыкIа хьэкъуащIкьу зэхуэмыдэхэм.

Адыгэ лъэпкъ фащ1эм, псом хуэмыдэу бзылъхугъэм ейм, тхыпхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр ещхькъым - хуейкъым дзыгъуэ кьиубыдыну. Езым хуэдэ псэущхьэхэм кьадекIуэкI хьэгъэщIагъэм ар кьапокIри, пшынауэ хъуну и ужь йохьэ. Абы папщIэ Iэпэпшынэ иIэн хуейщ. Абы и кьэлъхъуакIуэ кьыздикIухьым, мэз, унэ псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэхэм яуоз икIи гупсысэхэмкIэ ядогуашэ.

Гуащэ театрым утыку кьрихьэну теплъэгъуэхэм зи гупсысэр нэсу иджыри зэрымыубыда цIыкIуэр фIым, гуапагъэм, гущIэгъэм кьыхурадж, я гур дахагъ нэсым хуэзIуех.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Адыгэхэр щакIуэ макIуэ.
Сурэтыр **Россель Марк** ищIащ. *1798 гъэ*

● КъБР-м и прокуратурэм

Инспекцэм щыхоплъэ

БАХЪСЭН кьалэм и прокуратурэм кьипщытащ хуабэкIэ кьыз эзэзыгъэпэщ муниципальнэ Iуэхущапи1э зэхэтым и унафэщI Жакъуэ Хъ. хабзэр кьыз эрыз эпидуым теухуауэ «Бахъсэн-1» ЖСК-м и правленэм и Iэтащхьэм зэрызахуигъэзам. Псэупи1э-хуэакIуэ кооперативым (ЖСК) егъэфIдыIа фэтэр куэд хъу унэхэм хуабэр паубыдат Жакъуэ Хъ. и унафэкIэ.

Къэпщытэныгъэм кьрикIуам ипкъ иткIэ, цIыхухэр хуабэкIэ кьыз эрыз эгъэпэщ щIыкIэр кьыз эрыз эпидуам кьыхэкIыу, Урысей Федерацэм Административнэ щыгъэшагъэхэмкIэ и кодексым и 7.23-нэ статьямкIэ, «Бахъсэн кьалэ хуабэсбыт» МУП-м и Iэтащхьэм зэрызэзыуэ административнэ Iуэху кьыз эIуахащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал псэупIэ инспекцэм хуагъэхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапи1э.

Льабжьэ иIэкъым

«Следствэмкlэ комитетымрэ прокуратурэмрэ зэпэщIэуващ» фIэщыгъэм щIэту 2013 гъэм щышылэм и 31-м «Газета Юга» газетым кьытрадза тхыгъэм и жэуапу Урысейм Следствэмкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэмрэ республикэм и прокуратурэмрэ кьызэльыгъуэ Чернобыль АЭС-м кьыщыкъуэ насыпыншагъэм и льэужьхэр гъэкIуэдыжьным хэтахэм компенсацэ зэрыхуахаха щIыкIэр зэхэгъэкIыным пыща Iуэхугъуэ псори УФ-м и Уголовно-процессуальнэ кодексым и пщалъэхэм тету кьыз эрыз эрагъэпэщащ икIи а хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я куэ зэныбжьэкIэ кьыдзэкIуэ хуэдэу кьрахьэкI хьыбархэм льабжьэ гъэри зэрамыIэр.

Урысейм Следствэмкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэмрэ республикэм и прокуратурэмрэ зи гугъу тщы Iуэхур хабзэм тхIийуэ тету зэхагъэкI.

Къэпщытэныгъэр мазаем яухыну я мурадщи, абы кьрикIуаэр КъБР-м и прокуратурэм деж кIэухыу щыз эхуагъэкIуэнурэ, компенсацэм Iуэху хузиIэ зэтетэнэми и лэжьыгъэр зыхуэдам следствэм хуэфащэ оценкэ иритынущ.

Урысейм и СК-м и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэ, КъБР-м и прокуратурэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурмыж Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маринэ, НэщIэныщко Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэцэмыщ1 Иэз.**

КьыдзэныгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, егъуанэ, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щIэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущапи1эхэм я дзлъжьнымкlэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэмрэ щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи1эм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытахъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьынырэ и пщ1э дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныбжьэкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтымыгъэр хьэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапи1эм щIэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи1эм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэхъуэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм ехъулIэныгъэхэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ПщIэшмыдз Из, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмат *(1, 3-нэ нап.),* корректорхэм я дэIэныкьуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.155 ● Заказ №294